**SOAL LATIHAN**
**PENILAIAN AKHIR SEMESTER 1**
**TAHUN PELAJARAN 20…/20…**

| | |
|---|---|
| No | : ……………………………………………… |
| Nama | : ……………………………………………… |
| SD | : ……………………………………………… |

Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Kelas/ Semester : VI (Enam)/ 1 (Satu)
Hari/ Tanggal : ……………………………
Waktu : 90 menit

*Baca sing taliti!*

**KAI KABOA**

Saha nu apal kai kaboa? Kai kaboa nya eta ngaran salah sahiji tangkal nu ayana di Cikabodasan – Sancang. Istilah kaboa tina asal kecap "boa-boa" anu ditujukeun kana hiji tempat. Kabeneran di eta tempat loba tangkal kai anu ngajajar, rupa, jeung jangkungna meh sarua.

Kana eta kai kaboa aya oge anu nyebut kai panca warna, kai seureuh wulung, jeung kai hanjuang koneng. Tina sababaraha ngaran kaboa, anu kiwari aya di leuweung Sancang nya eta kaboa wulung. Rupana bodas jeung beureum. Bodas aya dina warna kaina, sedeng beureum aya dina warna geutahna. Upama eta kai dikadek, bakal kaluar geutah anu rupana beureum siga getih.

Luyu tur pantes mun eta kai kabao jeung leuweung Sancangna dimumule ku urang balarea. Dipiara jeung dijaga kalastariannana.

*Dirope ku Ki Bangbang tina: 10 Folklor Desa Sancang*

**I. Jawab pananya di handap sing jentre!**

1. Di Wewengkon kabupaten naon ayana leuweung Sancang?
_______________________________
2. Kai kaboa asup kana bagean tatangkalan. Sebutkeun ku hidep tilu ciri nu mandiri tina tatangkalan!
_____________________________________________________________________
__________
3. Sok disebut naon wae ngaran kai kaboa teh?
___________________________________________

Diunduh dari https://www.carasunda.com/

4. Naon bedana kai kaboa jeung kai sejenana?
____________________________________________
5. Naon sababna urang kudu ngamumule jeung miara leuweung?_____________________________

II. Cakra (x) jawaban anu pang benerna!

1. Kecap di handap ngagunakeun rarangken –ar-, *kajaba* ....
   a. galambar c. aracan
   b. barudak d. aramis
2. Kecap di handap ngagunakeun rarangken –al-, *kajaba* ....
   a. aralus c. lalendo
   b. arapal d. lalieur
3. Ulah sok (kasep)jadi lalaki teh!
   Kecap kasep kuduna ditulis ....
   a. gumasep c. kumasep
   b. karasep d. kasep-kasep
4. Cara nulis rarangken –in- di handap ieu bener, *kajaba* ....
   a. sinerat c. tinulis
   b. sinatria d. binatu
5. Yudi mah junun pisan mancen tugas teh.
   Kecap jejem saharti jeung kecap ....
   a. jujur c. sigep
   b. jejem d. tanginas
6. Caritaan di handap mibanda harti injeuman, *kajaba* ....
   a. Ulah ngeupeul ngahuapan maneh atuh!
   c. Murid salikur mah tangtu kageroh atuh!
   b. Tong parasea ari jeung dulur atuh, Jang!
   d. Hayu urang dengkek, si Jatnika euy!
7. Kalimah anu nuduhkeun rupa-rupa barang nya eta ....
   a. gumbira jeung sedih ngajadi hiji
   c. sarah bawa palid mani patoleksak
   b. Jalan raya ka Singaparna rata
   d. hayam jago raong kongkorongok

8. "Ceu, abdi moal tiasa ka uleman, margi aya pamengan."
   Caritaan di luhur ngebrehkeun rasa ....
   a. panasaran c. kabingung
   b. teu purun d. katugenah

9. Jalma anu rajin maca buku tangtu ....
   a. loba kanyaho
   b. weruh sadurung winara
   c. jadi kutu buku
   d. bakal kotokeun
10. Sanggeus aya program ... kiwari gunung Galunggung jadi hejo deui.
   a. reformasi
   b. reurbanisasi
   c. reboisasi
   d. reorganisasi
11. Nuduhkeun ngaran barang tina bahan anu dijieunna, *kajaba* ....
   a. minyak kalapa
   b. minyak wijen
   c. minyak jalantah
   d. minyak sereh
12. Pagawean ngalarapkeun iptek dina kahirupan sapopoe nya eta ....
   a. nyangu make raiskuker
   b. ngaliwet make kastrol
   c. mais peda dina hawu
   d. nipung beas dina lulumpang
13. "Basajan pisan dangdanan Mang Jalil teh, Nyai!"
   Kecap basajan mibanda harti ....
   a. sopan
   b. sederhana
   c. rudin
   d. mahiwal
14. Jaman ayeuna loba pabrik ngagunakeun mesin canggih.
   Kecap dina kalimah di luhur nu kaasup kana istilah industri nya eta ....
   a. jaman, mesin, jeung canggih
   b. ngagunakeun, mesin, jeung canggih
   c. geus, ngagunakeun, jeung mesin
   d. pabrik, mesin, jeung canggih
15. Najan sakumaha beuratna oge moal burung kabawa.
   Kalimah nu saharti jeung caritaan di luhur nya eta ....
   a. sakumaha beuratna oge tangtu kabawa
   b. sakumaha beuratna oge tara kabawa
   c. sakumaha beuratna oge moal kabawa
   d. sakumaha beuratna acan tangtu kabawa
16. Tentara koalisi tuntas naklukeun Irak.
   Kecap dina kalimah di luhur nu asalna tina basa deungeun nya eta ....
   a. tentara
   b. koalisi
   c. tuntas
   d. naklukeun
17. "Punten wae Ceu, nyarios sareng pun nini mah kedah rada tarik, margi ....
   a. anjeunna parantos goblog
   b. inyana geus kurang denge
   c. inyana geus torek pisan
   d. anjeunna parantos kirang dangu
18. "Neng Devi teh kedah getol ngapalkeun, margi rada kirang."
   Maksud kecap rada kirang dina caritaan di luhur nya eta ....
   a. calakan
   b. rapekan
   c. bodo
   d. pinter

19. Jalma nu hayang kapuji
   dieuleuh-euleuh ku batur
   kaasup jalma takabur
   .......................................
   Pupuh di luhur nya eta ....
   a. Wirangrong
   b. Maskumambang
   c. Asmarandana
   d. Dangdanggula
20. Rarata heula taneuhna, sangkan ... nu rek dipake nipung teh cicingna tambleg.
   a. halu
   b. jubleg
   c. hawu
   d. coet
21. Sabab suwung ku ..., kapaksa badarat wae ka lembur teh.
   a. tutumpakan
   b. ditumpakan
   c. katumpakan
   d. patumpak-tumpak
22. Kalimah nu ngagunakeun istilah leumpang, *kajaba* ....
   a. Kang Iwan ngungkug.
   b. Angkat ngagandeuang.
   c. Ngaraas teh sing ati-ati, Jang!
   d. Ngiciprit mapay jalan satapak.
23. Kuring amprok jeung manehna di lembur singkur.
   Kecap amprok mibanda harti ....
   a. kasampak
   b. paanggang
   c. kaayaan
   d. papanggih
24. Kecap nu ngagunakeun rarangken sa-, nya eta ....
   a. *sa*laki
   b. *sa*mpeur
   c. *sa*kodi
   d. *sa*ngray
25. Kalimah di handap ngagunakeun rarangken pa-, *kajaba* ....
   a. "Tong hayang *paloba-loba*, atuh!"
   b. "Wah, mani *parahul-rahul* kitu!"
   c. "*Pakarangan* teh mani lega!"
   d. "Najan *pateterean* oge, bageur!"
26. Kang Mahdi rek mugar imah.
   Caritaan di luhur nuduhkeun pagawean anu ....
   a. geus dipigawe
   b. moal dipigawe
   c. keur dipigawe
   d. acan dipigawe
27. Bupati nandeskeun, yen hirup basajan hade pisan.
   Jejer caritaan di luhur nya eta ....
   a. Bupati
   b. nandeskeun
   c. hirup
   d. basajan
28. "Piraku teu kabedag meuli buku pangaji sarebu-rebu acan!"
   Kecap teu kabedag mibanda harti ....

Diunduh dari [https://www.carasunda.com/](https://www.carasunda.com/)

a. teu boga
b. teu kaduga
c. teu hayang
d. teu ingeuh

29. Caritaan di handap ngagunakeun kecap panambah, *kajaba* ....
   a. Antep *wae* sina indit sorangan
   b. Waktu balik *ti* sakola hujan poyan
   c. Unang *oge* rek milu maca sajak
   d. Tambah *deui* sanguna Ceu Isah!
30. Caritaan di handap ngagunakeun kecap panganteur pagawean, *kajaba* ....
   a. Inyana ngan *regot* bae nginum
   b. *Gebut* labuh kana leutak, *hing* ceurik
   c. *Peletak* diteke satakerna
   d. *Euleuh-euleuh*, aya kasebeleun

III. Eusian sing merenah!

1. Sagalak-galakna macam, tara
_____________________________________________________
2. Punten wae tuang teh teu aya pisan rencangna, mung ukur
_______________________________
3. Mangga linggih heula ka saung butut, jabi deuih
_______________________________________
4. Saalus-alusna barang ti loak, moal
_________________________________________________
5. Jalma nu mibanda sifat ____________________ sok ngaku kana kasalahan dirina.

Diunduh dari **https://www.carasunda.com/**